

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif tangtuna dipaké pikeun nganalisis léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, papasingan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda dumasar kana ngaran babagian awak, ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, analisis komponén ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, jeung struktur léksikal aktivitas awak sakujur dina basa Sunda. Pamarekan kualitatif dipaké dina ieu panalungtikan lantaran sipat kualitatif anu leuwih subjéktif. Nurutkeun Badgon & Taylor (dina Moleong, 2001, kc. 3) yén kualitatif téh nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskripsi mangrupa kekecapan tulis atawa lisan ti jalma-jalma atawa laku lampah anu ditalungtik. Suyanto & Sutinah (2006, kc. 76) nétélakeun yén aya lima karakteristik kualitatif, nyaéta: (1) sipatna induktif, maksudna miboga dadasar logika anu jelas, panalungtikan dimimitian ku ngumpulkeun data, nganalisis tepi ka nyieun kacindekan, (2) maham paripolah manusa dumasar puseur sawangan nu nalungtik, (3) leuwih mentingkeun prosés panalungtikan batan hasil panalungtikan, (4) sipatna humanitis, jeung (5) sagala aspék kahirupan anu aya di masarakat dianggap penting.


Tujuan panalungtikan kualitatif nyaéta pikeun meunangkeun bebeneran tina hiji data sacara subjéktif. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual kalawan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta napsirkeun data (Arikunto, 2006, kc. 225). Déskriptif teu bisa leupas tina panalungtikan kualitatif lantaran métode déskriptif dianggap bisa ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun naon waé bebeneran nu aya dina panalungtikan. Suyanto & Sutinah (2006, kc. 80) aya opat léngkah nalika maké métode déskriptif dina panalungtikan kualitatif

nyaéta: (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan.

Dumasar pedaran di luhur, dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Hal-hal anu baris didéskripsikeun nyaéta léksem-léksem dina basa Sunda anu nuduhkeun aktivitas awak sakujur. Adegan kecap anu nuduhkeun prosés ngawangun léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda. Tuluy ma'na tina unggal léksikon aktivitas awak sakujur, boh ma'na léksikal boh ma'na gramtikalna. Pamungkas komponén ma'na generik jeung ma'na spésifik léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda. Sangkan leuwih jéntré desain panalungtikan téh dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan





3.2 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta léksikon dina basa Sunda anu nuduhkeun aktivitas awak sakujur. Dina panalungtikan kualitatif, panalungtik kudu interaksi jeung sumber data (Sugiyono, 2013, kc. 11). Ku kituna, data mangrupa jejer anu kalintang penting dina ieu panalungtikan. Ari wangenan data nurutkeun Sudaryanto (dina Sandiansyah, 2015, kc.71) nyaéta fénoména lingual husus anu aya patalina langsung jeung masalah anu dimaksud.

Data dina panalungtikan bisa beunang tina rupa-rupa sumber anu disebut sumber data. Nu dimaksud sumber data panalungtikan nyaéta ti mana asal subjék data nu ditalungtik (Arikunto, 2006, kc. 11). Sumber data dina ulikan linguistik nurutkeun sipatna bisa mangrupa lisan jeung tulisan. Ari dina ieu panalungtikan sumber datana nyaéta sakumna léksikon basa Sunda anu nuduhkeun aktivitas awak sakujur nu aya dina *Kamus Umum Basa Sunda* ku Lembaga Basa & Sastra Sunda, taun 2017 anu kandelna 524 kaca.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokuméntasi. Nurutkeun Sumarsono (2004, kc. 73), ngaliwatan téhnik dokuméntasi, data nu dihasilkeun téh kaitung loba dumasar rupa-rupa aspék. Éta data bisa dikumpulkeun deui pikeun ngararancang panalungtikan dina kajian anu béda-béda.

Dumasar kana téhnik di luhur, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. nyieun rarancang prosedur panalungtikan;
- b. nangtukeun sumber data, *Kamus Umum Basa Sunda* ku Lembaga Basa & Sastra Sunda, taun 2017 anu kandelna 524 kaca.
- c. maca *Kamus Umum Basa Sunda*;
- d. nyirian sakumna léksikon dina basa Sunda anu nuduhkeun aktivitas awak.

e. nyalin kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta pakakas nu dipaké ku panalungtik dina ngagunakeun hiji métode (Arikunto, 2006, kc. 137). Instrumén dipaké sangkan panalungtikan leuwih babari jeung museur, dina harti leuwih imeut, lengkep jeung puguh éntép seureuhna nepi ka babari diolahna. Sangkan leuwih gampang nganalisisna, instrumén anu dipaké nyaéta mangrupa kartu data. Kartu data dieusian ku cutatan data anu ngébréhkeun kode sumber data.

Anapon format kartu datana saperti ieu di handap.

Tabel 3.1 Kartu Data

<p>Sumber Data: <i>Kamus Umum Basa Sunda LBSS</i></p> <p>Kode Data: LBSS/C/75 → <i>Kamus Umum Basa Sunda LBSS</i></p> <p>Léksikon Aktivitas Awak: LBSS/C/75: nyabok, émok cabok.</p> <p>Ma'na Léksikon: Ma'na Léksikon</p> <p>Papasingan Léksikon: LBSS/C/75 → nyabok → léksikon aktivitas leungeun</p> <p>Komponén Ma'na: Analisis Komponén Ma'na</p> <p>Struktur Léksikal:-</p>
--

Keterangan:

LBSS : *Kamus Umum Basa Sunda LBSS*

C : Abjad léksikon sacara alfabétis

75 : Kaca dina sumber data

3.5 Téhnik Ngolah Data

Bogdan (dina Setiawati, 2015, kc. 33) nétélakeun yén analisis data nyaéta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data anu kapanggih dina hasil

wawancara, cutatan, jeung bahan-bahan anu lian, supaya paham sarta pamanggihna bisa diinformasikeun ka nu séjén.

Dina ieu panalungtikan, téhnik olah data nu dipaké nyaéta analisis unsur langsung, pikeun meunangkeun gambaran nu jéntré ngeunaan objék nu ditalungtik. Ku ieu téhnik, data bisa dianalisis nepi ka réngsé. Ieu téhnik téh miboga fungsi séjén salaku éksplorasi nu bisa méré gambaran kalayan écés ngeunaan masalah jeung méré pituduh ngeunaan cara ngungkulanana.

Ari ngolah datana ngaliwatan sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- a. Mariksa deui sakabéh data nu geus dikumpulkeun.
- b. Ngodean jeung nganomeran data luyu jeung instrumén panalungtikan.
- c. Nganalisis data dumasar kana: (1) léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, (2) ma'na léksikon, (3) papasingan léksikon aktivitas awak sakujur dumasar kana ngaran babagian awak, (4) analisis komponén ma'na léksikon, jeung (5) struktur léksikal.
- d. Ngadéskripsikeun data anu geus dianalisis.
- e. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.